

**УОДИБÆСТÆ КÆНУН АЛКÆМÆН КУ ÆНТÆСИДÆ, УÆД ЦАРД ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆДÆР КÆНИДÆ!..**

***ХЪОРОТИ Дауит (1890-1924), финсæг: «Уоди кæдзосдзийнадæ агоретæ. Уотид рæсугъддзийнадæ дууæ адæймагей кæрæдземæн нæ бауарзун кæндзæнæй. Сæ сагъæс, сæ катай, сæ царди нисан еу ку уонцæ, уæд син сæ уарзондзийнади царди некæци фæйлауæнтæ басæтдзæнæнцæ...» Ауæхæн зундирахст нин куд æхсицгонæй бабæззидæ нæ абони цардарæзти æмæнтъеритæй фæййервæзунæн архайди!..***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№19 (891) 2023 анзи 27 май – хании мæйæ

Аргъ 1 туман




Кавкази цæрæг адæмти цардиуаги æносон къæдзæхти федардзийнадæй федардæр адтæнцæ се 'хсæн хæлардзийнади рахастдзийнæдтæ. Уæлдай ирдæй е рабæрæг æй, Уæрæсей хæццæ ку байеу æнцæ, æ хæццæ æнсувæрдзийнадæ ку разагъонцæ, уæд.

# ФÆРНÆЙДЗАГ ЦАРД ХУÆДЗУНД АДÆМ АРАЗУНЦÆ!..

*«Адæймагæн хуæрзадæймагон равгитæй æнхæст уæн ке ес, е ни кæд æма æруагæс кæнуй, уæддæр гъæуама нæ зæрдæбæл ба уой дарæн, æма рæстзæрдæ адæймæгутæ 'нцæ æма, æвæдзи, алкæддæр уодзæнæнцæ адæмæн сæ минкъийдæр хай. Гъе уомæ гæсгæ ба ни алкедæр рæстуодæй хата еци минкъийдæр хаййи хæццæ байеу уни туххæй фæдздзурд. Гъуддæгутæ лæгъуз æнцæ, æма нæ бон цидæриддæр æй сæ фæххуæздæр кæнунæн, уой æнæгъæнæйдæр ку нæ кæнæн, уæд никки фæллæгъуздæр уодзæнæнцæ...»*

*Аци гъуди номдзуд австриаг психиатр Виктор Франкл (1905-1997) кæд раги загъта, уæддæр нин нури цардарæзти дæр бабæззидæ æ фæдзæхст. Уомæн æма абони дæр нæ гъуддæгутæ бустæги хуæрзтæй нæ 'нцæ, æгæр берæ нæмæ 'нцæ, хъæбæр нæ ка хъор кæнуй æма нæ гъигæ ка даруй, уæхæн аллихузон фарстатæ. Уонæн сæ ахсгиагдæртæй еу – æхсæннацион рахастдзийнæдтæ.*

*Рæстмæгъудигæнæг адæймагæн лæдæрд æй: еу бæсти цæрæг адæмти медастæу кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма нимайундзийнадæ ку нæ уа, æмзунд-æмвæндæй ку нæ архайуонцæ сæ карни гъуддæгутæ аразунбæл, уæд, баруагæс уи уæд, сæ абони дæр амондæй æнхæстæй хайгин нæ уодзæнæнцæ, сæ исонибон дæр син хъæбæр æгудзæггомау рауайдзæнæй...*

*Уæрæсей медæгæ æхсæннацион рахастдзийнæдти хуæрзконддзийнадæ цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, уæлдайдæр ба абони, нæ бæстæ нин бустæги фехалуни зæрдтæй знаги цæстæй нæмæ кæсæг паддзахæдтæ нæ нихмæ аллихузон фудракæндтитæ ку аразунцæ, уомæн ирд æвдесæн æй, æрæги сахар Пятигорски арæзт ке 'рцудæй æхсæннацион рахастдзийнæдти фæдбæл Совети æмбурд. Разамунд ин лæвардта Уæрæсей Федераций Президент Владимир Путин. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-4-аг фæрстæбæл.*

## АХСГИАГ ФАРСТАТÆ



## СÆРМАГОНД ГРАНТТÆ – ХУÆЗДÆР СКЪОЛАТÆН

**Цæгат Иристони скъолатæй ахурадон архайди хуæздæр бæрæггæнæнтæ ка 'вдеса, уонæн лæвæрд цæудзæнæй Цæгат Иристони Сæргълæууæги гранттæ. Уой туххæй Сергей Меняйло фегъосун кодта Хецауади алликъуæреуон æмбурди.**

Республики разамонæг науки министради разамундæн бабарæ кодта, цæмæй бацæттæ кæнонцæ уæхæн гранттæ дæттуни фæткæвæрд. Сергей Меняйло ма сæрмагондæй баханхæ кодта уой дæр, цæмæй еци фæткæвæрди нисангонд æрцæуа, гранттæн сæ еу хай лæвæрд ке цæудзæнæй гъæууон скъолатæн.

Ахуради фарстатæбæл идарддæр дзоргæй, республики Сæргълæууæг министрадæн байхæс кодта, цæмæй байархайуонцæ, Цæгат Иристон æма Мæскуй Курчатови институт æрæги ци уæрæх ахурадон-наукон бадзурд бафинстонцæ, уой æнæгъæнæйдæр æнхæст кæнуни туххæй бæлвурд мадзæлттæ исписан кæнунбæл. Сергей Меняйло ма куд байамудта, уотемæй дуйнеуон рахастдзийнæдти Мæскуйаг паддзахадон институти хæццæ дæр уæхæн фæтки бундорбæл æмгустадæ рапарахат кæнун ке гъæуй, уой.



## ТАБУЙАГ РАУÆН ГЪÆУАМА ÆНÆМÆНГÆ ТАБУЙАГ УА...

Æмбурди ма дзубанди рацудæй, Алагири райони Дзиуаригъæуи Гæздæнти æнсувæрти циртдзæвæнмæ хæстæг зæнхи хай цæмæдæр гæсгæ хъæбæр дзурдтаг ке иссæй, уой фæдбæл. Куд рабæрæг æй, уотемæй аци, нæ еугуремæн дæр табуйаг рауæни кадæр гъавуй берæуæладзугон хæдзарæ исаразун.

2


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**



http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*КОЦОЙТИ Арсен(1872-1944), финсæг: «Дессаг ба куд нæй, куд æрæгæмæ базонуй лæг, æзнаг ка ’й, уой, æма ин æрдхуард ка ’й, уой...» Аци загъд цæйбæрцæбæл раст æй, уой ни æхебæл ка нæ бавзурста!.. Сауæнгæ нæ Фидибæстæ дæр фудзæрдæ нæмæ ка даруй, уонæбæл æгæр бауæндæн æма уа нæ уа, уæддæр нæбæл гадзирахаттæй рацæунцæ.*





# ФÆРНÆЙДЗАГ ЦАРД ХУÆДЗУНД АДÆМ АРАЗУНЦÆ!..

***Абони берæ тасдзийнæдти фудæй сагъæссаг рæстæгути, фæсарæйнаг паддзахæдтæй кæцидæртæ Уæрæсей нихмæ ку иссæнцæ æма нин нæ фудæнæн аллихузон хæрандзийнæдтæ ку аразунцæ, уæд нури цардарæзти æйийвддзийнæдтæ нимайгæй, нæ медбæсти нæ лæмбунæгдæр цæстингасæй æркæсун гъæуй нæ национ политики арæзтадæмæ, уæлдайдæр ба, фæстаг рæстæгти нæ паддзахадæбæл нæуæг бæстихæйттæ ке ’рбафтудæй, уой нимайгæй дæр. Уой туххæй сæрмагондæй æрлæудтæй æ радзубандий Уæрæсей Федераций Президент В.В. Путин, адæмти ’хсæн рахастдзийнæдти Советти æмбурди сахар Пятигорски.***

***Куд бафеппайдта, уотемæй нæ тухæ æма нæ уæлахез æй нæ еудзийнади. Айдагъдæр нæ еци еудзийнадæ æма æмвæндæ ун кæнуй æнæбасæтгæ.***

## СÆЙРАГ ТУХÆ – АДÆМТИ ЕУДЗИЙНАДИ

Национ æхсæн рахастдзийнæдти Совети æмбурди Владимир Путин æ радзубандий райдайæни куд фæннисан кодта, уотемæй нуртæккæ Уæрæсей нихмæ арæзт æнцæ Нигулæн бæстити еугур тухтæ дæр:

– Нæ истори, нæ культурæ, уодварнон гъæздугæй-гъæздугдæр хæзнатæ ниллицъæ кæнунæй не ’нцайунцæ, къæхти буни сæ æрæнсæндунбæл архайунцæ æвæллайгæй, уой хæццæ ба ма аразунцæ аллихузон мадзæлттæ нæ берæнацион бæсти цæрæг адæмтæн сæ кæрæдзей лæдæрундзийнади, æнсувæрдзийнади ’хсæн маргæйдзаг цорк никъкъуæрун, фæккæрæдземæ сæ кæнун, се ’хсæн цæмæй буцæутæ, сауæнгæ ма гæрзефтонг нихмæлæудтитæ дæр æвзура, уой фæдбæл.

Уæрæсей президенти гъудимæ гæсгæ, нæ бæсти нихмæ архайгутæ ин æ тæккæ æнцондæр фæццæфгæнæн бавналæнбæл нимайунцæ æ берæнациондзийнадæ, æма гъавунцæ дæсгай листæг паддзахадæгæндтитæбæл æй ниддехтæ кæнун, цæмæй уони ба уой фæсте сæ дæлбарæ искæнонцæ.

– Уонæмæ æндæр нисантæ уогæ дæр нæййес. Уæхæн фæндитæ кæмæ ес, етæ исахур æнцæ еугур гъуддæгутæ дæр нигулæйнаг идеологон геппитæмæ гæсгæ, кæцитæн сæ медес ба æй расистон æма неоколониалон рахаст, еуæйеу адæмти уæлиауондæр æвæрун, иннети ба бустæги аййепгунтæбæл нимайун, адæмти фиццаг, дуккаг, æртиккаг сорттæбæл дехтæ кæнун.

### ÆРГОМ ЗАГЪД



**ДЗАХÆТИ Ларисæ, Цæгат Иристони паддзахадон университети философий æма æхсæнадон наукити кафедри сæргълæууæг:**

– Æхсæннацион рахастдзийнæдти фæдбæл Совети æмбурди В.Путин раст баханхæ кодта: патриотизм, уæрæсейаг граждайнаг æмхузондзийнадæ ’нцæ, нæ бæсти берæнимæдзон адæмихæттити ка ’нгом æма еу кæнуй, еци бундортæ. Æма уонæн сæ фехалун некæд æма неци хузи неке бон исуодзæнæй. Уомæн ирд æвдесæн недзамантæй ба абони уæнгæ цаутæ æма хабæрттæ – цал æма цал хатти не ’знæгтæ багъавиуонцæ нæ бæсти цæрæг аллихузон адæмти кæрæдземæй фæддехтæ кæнунмæ æма сæ фæккæрæдземæ кæнунбæл. Фал сæ фудвæндитæй некæд неци рауадæй – е нæ, фал ма сæхуæдтæ гириззаг састи бунати равзуриуонцæ. Нурæй фæстæмæ дæр æностæмæ уотæ уодзæнæй – нæ Фидибæсти адæмтæ куд еумæйаг уæрæсеуон æхсæнадæ, уотæ сæ карнæ еузæрдиуонæй араздзæнæнцæ зæрдæмæдзæугæй…

Уой фæдбæл Владимир Путин æ радзубандий сæрмагондæй куд баханхæ кодта, уотемæй Уæрæсей æмæ æ зæнхитæбæл цæрæг адæмихæттити ’хсæн рахастдзийнæдтæ ирæзтæнцæ æма федаргонд цудæнцæ мингай æнзти дæргъи æма паддзахадæ æхуæдæг дæр арæзт цудæй берæнацион æмзæлдзийнади хæзнати фалдзос. Уæрæсей национ берæхузæнондзийнадæ ’й айдагъдæр тухгинæй-тухгиндæр. Раст гъе уой ба кенæ æцæгæй нæ балæдæрунгъон нæ ’нцæ, кенæ ба сæ æ балæдæрун нæ фæндуй.

– Уомæ гæсгæ ба, абони сæмæ ци фудвæндитæ ес æма уони исæнхæст кæнуни зæрдтæй цæбæлти архайунцæ, етæ сæ къохи ке нæ бафтуйдзæнæнцæ, уобæл мах æгириддæр дузæрдуг нæ кæнæн. Æз ба ма уотæ дæр зæгъдзæнæн, æма неоколониалон гъудитæбæл хуæст ка ’й, етæ æдулитæ ’нцæ, æма, зæгъæн, нуртæкки æдулитæн æркаст исаразæ, уæд тæккæ минкъийдæр дуккаг бунат байахæстайуонцæ æнæмæнгæ. Бæрæгдæр ба цæмæн дуккаг бунат? Уомæн æма ’нцæ, сæ уæле тапкатæ кæмæн нæййес, уæхæн æдулитæ...

Президенти аци загъдмæ гæсгæ æмбурди архайгутæ еугурæйдæр аразий худт никкодтонцæ – æцæгæйдæр, кæд нуртæккæ нæ нихмæ архайгутæ æцæгæйдæр æдулитæ нæ ’нцæ, уæд уой нæ зонунцæ, æма нæ Фидибæсти адæмти еудзийнадæ æма æмзæрдиуондзийнадæ фехалунмæ беретæ багъавиуонцæ, фал си некæд некæмæй неци рауадæй.

Нури уавæрти нæ адæмти ’хсæн еудзийнадæ фехалунбæл фæсарæнтæй карз архайд ке цæуй, уой фæдбæл æ дзубандий рæстæг æ гъудитæ загъта финнаг-угораг Ассоциаций сæрдар Петр Тултоев:

– Нигулæйнаг бæстити сæ разамунди аразийæй аллихузон радикалон националон организацитæ, кæцитæ сæхемæ есунцæ финно-угораг адæмихæттити номæй дзоруни бартæ.

Уомæн дзуапп дæтгæй, Владимир Путин зæрдæбæл æрлæуун кодта уой, æма славайнаг æма финно-угораг адæмихæттитæ фæрсæй-фарсмæ хæларæй цардæнцæ, сауæнгæ Уæрæсей еумæйаг паддзахадæ ку нæма иссæй, уæдта финно-угораг адæмти паддзахадæгæндтитæ ку нæма фæззиндтæнцæ, еци рæстæгути дæр.

Президенти загъдмæ гæсгæ, æнгъезуй лæдæрун уой дæр, æма, ке кой рацудæй, еци мордоваг адæм ке дзорунцæ фондз дзурдиздæхебæл, æма си ка пайда кæнуй, етæ дзæвгарæ идард æнцæ кæрæдземæй, нæ лæдæрунцæ кæрæдзей æвзæгтæ. Уомæ гæсгæ ба син дессаги агъазгæнæг иссæй уруссаг æвзаг, пайда си кæнунцæ сæ медастæу рахастдзийнæдти, кæрæдзей æнхæстдæр лæдæруни фæрæзнæ син æй.

4

### ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Еу лæг фонс хизта æма æ уæситæй еу фæццидæр æй. Берæ ’й фæййагурдта, фал æй не ’ссирдта. Æма уæдмæ Зевсмæ (бердзенаг мифологий - арвгъæри, арвæрттивди æма еугур Хуцæуттæй Хуцаудæр) искувта, давæги, дан, ку иссерон, уæд дин нивондæн дæркъæ равгæрддзæнæн. Уотæ дзоргæй еу гъæди къохмæ бафтудæй æма си рауидта æверхъау миуæ: æ уæси ин домбай æфтъируй. Лæг фæуууодаист æй, æ къохтæ æрвти æрдæмæ фæхъхъел кодта æма еци тухстæй корун байдæтта:

- О, цитгин Зевс!.. Давæги ку иссерон, уæд дин дæркъæ нивондæн æрхæсдзæнæн, зæгъгæ, загътон... Нур ба дин галæй зæрдæ æвæрун. Кæд ма мæ давæгæй фæййервæзун кæнай, уæд...

* * *

*Уотæ уæмæ нæ кæсуй, цума мах дæр, уæрæсейаг дзиллæ, еци гъонгæси уавæри æгæр ахид равзурæн. Зæгъæн, нæ берæ цæмæйдæрти зæрдæмæдзæугæ Советон Цæдес нин раст гъе уæхæн «домбайтæ» ниффæруакæ кодтонцæ æма уоййасæбæл агъазиау бæсти æнсувæруарзонæй ци алли адæмихæттитæ цардæнцæ, етæ ниддзæгъæлтæ ’нцæ, кадæртæ ба си кæрæдземæ топпицъухæй кæсун байдæдтонцæ. Е дæр еци «домбайтæмæ» фагæ нæ фæккастæй, æма сæ фуртогмондагæй нин нур ба нæ уодварни, нæ цардгъонгæнæг бундортæ фехалуни зæрдтæй нæмæ æрбалæборæ-æрбалæборæ кæнунцæ... Мах ба?.. Кæдмæ син бухсдзинан? Кæмæдæртимæ æма цæмæдæртæмæ æнгъæлмæ кæсуни, кæмæндæр нивондæгтæ хæссуни бæсти хуæздæр нæ уидæ, еци «домбайтæн» нæхуæдтæ уæхæн карз нихкъуæрд ку раттийанæ, цæмæй не ’рдæмæ уотид æрбакæсун дæр мабал æндеуонцæ?!.*



**Станислав Ежи Лец (1909-1966), польшаг поэт: «Гæрр, домбаййи барци ка цæруй, еци систæ, тæрхъоси къæдзели ка цæруй, еци систæй бæгъатæрдæр æй?..»**

* * *

Бæргæ нæй, фал домбаййи барци ка ’рцæруй, еци систæ æхе домбай æнгъæлун байдайуй. Уой хузæнæй абони сæхе æвдесунцæ Леци æмзæнхон политиктæ дæр: кæд æма ’й бæлвурдæй зонунцæ, Уæрæсей нихмæ ке неци ’нцæ сæ паддзахади гæнæнтæ, уæддæр кедæр (уæлдайдæр ба АЕШ-и) ардудæй не ’рдæмæ къæпп-къæпп кæнунцæ. Уæхæн данкъатæн ба, сæ къембуртæбæл дзæхст ку рауайуй, уæд сæ рæйун къескъосмæ рахезуй…

**Жюль РЕНАР (1864-1910), французаг финсæг: «Æрдзæ исфæлдесун Хуцауæн бантæстæй, фал адæймаги аразгæй ба фæггуз æй…»**



* * *

Æма уотæ нæй? Адæймагæн Хуцау исаккаг кодта Зæнхæбæл зæрдирайæй цæруни, ци берæ дессагдзийнæдтæй байдзаг кодта, уонæй уоди дзæбæхæн пайда кæнуни равгитæ. Е ба? Зæнхæн æхецæн дæр æма æ уæле цæргутæн дæр уоййасæбæл фудракæндтитæ аразуй æма тæрсун æнгъезуй, исонибони Зæнхæ уогæ ба ма уодзæнæй?..



**Борис КРУТИЕР, дохтир, финсæг: «Æнæбазур адæймæгутæ сæхе изæдтæ фæххонунцæ…»**

* * *

Сæхе цидæриддæр хонæнтæ. Е нин уоййасæбæл тæссаг нæй, тæссаг е æй, æма нин нæ цардиуаги гъуддæгути хецауеуæггæнæг ку исунцæ. Уæд сæ изæддзийнадæ дæлуймондзийнадæ фестуй, æма нин нæ карнæй уæлзæнхæбæл дзахана исаразунцæ…

**Финддæс æма инсæй анзей размæ (1988 анзи 29 майи) Дзæуæгигъæуи байгон æй бердзейнаг клуб «Прометей». Уой иуонгтæ æновудæй архайунцæ нæ республики цæрæг адæмти æхсæн зæрдæмæдзæугæ рахастдзийнæдтæ аразуни сæрбæлтау.**

***ХЕТÆГКАТИ Къоста (1859-1906), нин фæдзахста: «Федар лæууетæ, федар, æнгом, кæрæдзей дзурд лæдæретæ. Уой æндæра нин неке неци гъон æй...» Æ мæлæти хуæдразмæ дæр ма уосиат кодта: «Ме 'нсувæртæ, кæрæдзей уарзгæй цæретæ!..» Махмæ гæсгæ, Къостай фæдзæхст, фиццаги-фиццагидæр, сæ зæрдæбæл***



**Хæлардзийнади монумент. Æвæрд æй Дзæуæгигъæуи Хæлардзийнади фæзи.**

## РАФИ АБДУЛ ДЖАБАР: «ÆЗ ДÆН УРУССАГ ÆФСÆДДОН!..»

Æмбурдмæ хунд æрцудæнцæ сæрмагонд тугъдон операций Уæрæсей адæмихæттити минæвæрттæй ка архайуй, уæхæн æфсæддонтæ. Се 'хсæн адтæй Рафи Абдул Джабар. Райгурдæй Афганистани, хауй пуштуйнаг адæмихатмæ, цæргæ ба кодта Ростови облæсти. Цубурдзурдæй – «æцæг донаг хъазахъаг». 2014 анзæй абони уæнгæ архайуй Донбасси тугъдон гъуддæгути. Баринов æмбурди рæстæг куд радзурдта, уотемæй аци бæгъатæрæн, тугъдон мадзæлтти уоййасæбæл уæззау цæфтæ фæцæй, æма æ дууæ къахи дæр лухгонд æрцудæнцæ. Нур æ протезтæ æнæмæнгæ æййевуйнаг æнцæ. Баринов ма куд загъта, уотемæй аци æфсæддон нецихузи арази кæнуй протестæ раййевуни тухæй Донбассæй рандæ ун, уомæ гæсгæ ба ракурдта Владимир Путинæй, цæмæй фæййагъаз кæнонцæ еци гъуддаги: «Мах бон ин неци æй, айдагъдæр дæумæ байгъосдзæнæй...»

Президент зæрдæ байвардта, еци тугъдони хæццæ æнæмæнгæ лæгæй-лæгмæ ке радзордзæнæй, уой туххæй:

– Федарæй ми æруагæс кæнуй, еци фарста, куд хуæздæр æй, уотæ æнхæстгонд ке 'рцæудзæнæй, е.

Джабар æхуæдæг ба, дзурди барæ ракоргæй, куд радзурдта, уотемæй 2017 анзи уæззау цæфтæ фæууогæй, æхе лæдæргæ дæр нæбал бакодта дзæвгарæ рæстæгути. Æримиста уой дæр, æма сауæнгæ киристон дини кустгæнгутæ сæ аргъауæндæнттæмæ цæуæг адæмæй курдтонцæ, цæмæй ин етæ тог раттонцæ.

– Хъæбæр берæ адæм: студенттæ, дохтиртæ, шахтертæ, æфсæддонтæ, аллихузи адæмихæттити минæвæрттæ æнæгъæнæ Донбассæй цудæнцæ цæф æфсæддонæн сæ тог раттунмæ. Не 'знæгтæ сæ пропагандистон мæнгæ дзубандити мæнæ мæн хузæн æфсæддонти оккупанттæ, гъома, еске зæнхæмæ балæборгутæ хонунцæ. Фал еци зæнхæбæл цæрæг бунæттон адæм хевæндонæй некæд æма нецихузи дууæ суткей дæргъи æрбалæборæгæн лæвардтайуонцæ сæ тог. Æз дæн уруссаг æфсæддон. Устур кадæбæл æй нимайун мæхецæн, уруссаг æфсæддон ке дæн, уой!..

Паддзахадон Думи фракци «Еумæйаг Уæрæсе»-й радзæуæг æма «Уæрæсей адæмихæттити Ассамблейи» сæрдар Владимир Васильев президенти базонгæ кодта Уæрæсей Федераций Бæгъатæр Балдан Цыдыпови хæццæ. Лæгæхсарæ равдесгæй, е уацарæй æма мæлæтæй фæййервæзун кодта нæхе тугъдонтæй 200 адæймаги. Владимир Васильеви дзубандимæ гæсгæ, сæрмагонд тугъдон операций архайгутæй Уæрæсей Федераций Бæгъатæри ном лæвæрд кæмæн æрцудæй, уонæй 168 æнцæ нæ бæсти инсæй адæмихаттей минæвæрттæ.

Балдан æхуæдæг куд загъта, уотемæй нуртæккæ сæрмагонд тугъдон операций ка архайуй, етæ 'нцæ нæ доги бæгъатæртæ:

– Тугъдæн æ тæккæ раззагдæр раæнти ка тох кæнуй – етæ еугурæйдæр æнцæ нæ уæлахезхæсгутæ... Цийфæнди хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд дæр уæнтæ, уæддæр æнцæ бæгъатæртæ!.. Уомæй æ хæццæ Владимир Путин дæр исарази æй:

...Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн курухон загъд: «Фæрнæйдзаг цард хуæдзунд адæм аразунцæ!..» Махмæ гæсгæ, махбæл, Уæрæсей цæрæг адæмтæбæл уæхæн бон искодта, æма фæрнæйдзаг цардмæ бæлгæй, гъæуама æмзунд-æмвæндæй карз нихкъуæрд раттæн, нæ зæрдиаг фæндитæ исæнхæст кæнунæй нæ кадæриддæр хъор кæнуй, нæ нихмæ нин аллихузон къахкъуæрæнтæ ка аразуй, уонæн. Нæ еци ихæс исæнхæстгъон ба гъæуама æнæмæнгæ исуæн, уомæн æма е айдагъ мах, абони фæлтæрти нæ гъæуй, фал гъæуама бæрнонæй байауодæн нæ исонибони фæлтæрти карнæбæл дæр.

# ФÆРНÆЙДЗАГ ЦАРД ХУÆДЗУНД АДÆМ АРАЗУНЦÆ!..

Фал етæ, гъома, нигулæн бæстити политиктæ, уой ке нæ тергади кæнунцæ... Уой фæдбæл президент уотæ дæр ма загъта:

– Ка 'й зонуй, е хуæздæрæн дæр æй, æгайтима нæ нихмæлæугутæ уоййасæбæл æнæлæдæргитæй æнцæ....

Уæрæсей паддзахадон националон политики стратеги нур дæс анземæй фулдæр косуй, æма лæдæрд æй, уойбæрцæ рæстæги фæсте нуриккон уавæрти ба 'й гъæуй фæннæуæгдæр, фенхæстдæр кæнун, уæлдайдæр ба, нæуæг регионтæ ке бафтудæй Уæрæсебæл, уомæ гæсгæ сæмæ гъæуй нæуæг цæстингасæй æркæсун. Президент куд баханхæ кодта, уотемæй Уæрæсебæл фæстаг æнзти бафтудæнцæ Херсони облæст, Запорожье, Донецки æма Лугански адæмон республикитæ, æма етæ дæр, куд нæ бæсти иннæ бæстихæйттæ, уотæ 'нцæ берæнацион. Уруссæгтæ æма украинæгтæй уæлдай ма си цæрунцæ белоруссæгтæ, бердзейнæгтæ, тæтæйрæгтæ, дзиуиттæгтæ æма ма никкидæр берæ æндæр адæмихæттити минæвæрттæ. Етæ сæхебæл бавзурстонцæ киеваг режим, кæци 2014 анзи паддзахадон фæлхатæни фæрци хецаудзийнадæ байсгæй ци хузи «цардарæзт» си æрфедар кодта, уой фæстеугутæ – тухæй архайæг национализм, ксенофоби æма æндæр фудмиутæ.

– Раст зæгъгæй, уой фæсте си æвзурститæ дæр ке исаразтонцæ, уой зонгæ дæр кæнæн, уæдта игъосгæ дæр, фал Киеви абониккон хецаудзийнади райдайæн ба уæддæр æй паддзахадон фæлхатдзийнадæ.

### КУД ФУЛДÆР НÆ НИХМÆ АРХАЙУНЦÆ, УОТÆ ÆНГОМДÆР КÆНÆН

Уæрæсей националон гъуддагутæмæ цæстдарæг Федералон агентади разамонæг Игорь Баринов В.В. Путинæй ракурдта, цæмæй Херсони, Запорожьей облæсти, Донецки æма Лугански адæмон республикити скъоладзаутæн уруссаг-украинаг адæмти 'хсæн ци этикон, культурон æма историон рахастдзийнæдтæ адтæй, уони арфдæр æма хуæздæр базонунæн сæрмагонд методикон фæрæзнитæ бацæттæ кæнун ихæсгонд æрцæуа, гъуддаг ка гъæуама исараза, уонæн. Æ гъудимæ гæсгæ, еци гъуддаг устур агъаз фæуйуидæ, нæ паддзахадæ адæмти 'хсæн рахастдзийнæдтæ федардæр кæнунмæ алкæддæр ци устур æргом æздахта, уой хуæздæр æма æнхæстдæрæй балæдæрунæн.

Уæрæсей президент æ радзубандий уой дæр баханхæ кодта, æма нуртæккæ ци сæрмагонд тугъдон операци цæуй, уоми ке архайунцæ нæ бæсти еугур адæмихæттити минæвæрттæ дæр. Уомæн бæлвурд æвдесæн æй, еугур еци адæмихæттити сæдæгай тугъдонтæн устур паддзахадон хуæрзеугутæ лæвæрд ке 'рцудæй, е дæр. Æ загъдмæ гæсгæ:

– Хуметæг адæймаг хуарз лæдæруй, айдагъдæр нæ нæ еудзийнадæ тухгин æма æнæбасæттæ ке кæнуй, уой. Е ба 'й сæйрагдæр, уомæн æма нæ исонибони идарддæри рохс цард комкоммæ уой хæццæ баст æй. Уомæ гæсгæ ба никки хъæбæрдæр æрбангом æнцæ нæ бæсти адæмихæттитæ кæрæдземæ.

Уой хæццæ ба ма е 'рдзубандий уотæ дæр загъта:

– Уæрæсей берæнациондзийнади медæги æй нæ тухæ. Нуртæккæ нæ нихмæ ци фæсарæйнаг бæститæ райистадæнцæ, уони бон уомæн неци æй, æма кæрæдзебæл æнгом хуæст æнцæ Уæрæсей адæмтæ.

Æ гъудимæ гæсгæ, нæ нихмæ цæйбæрцæбæл фулдæр санкцитæ аразунцæ, цæйбæрцæбæл фулдæр цъифкалæнтæ нæбæл кæнунцæ фæрсæрдиги, цæйбæрцæбæл фулдæр нæ сæхецæй еуварс кæнунцæ, уойбæрцæбæл тухгиндæр кæнуй не 'нгомдзийнадæ...

Еума агъазиау фарста – миграци. Уой хæццæ баст фарстати фæдбæл дзоргæй, Владимир Путин æрхаста уæхæн дæнцæ: кæцидæр бæститæмæ æндæр бæститæй ци адæм бацæуй цæрунмæ æма косунмæ, етæ уоми дæсгай æнзтæ ци адæми 'хсæн фæццæрунцæ, уомæн е 'взаг ба нæ базонунцæ.

– Е устур дессаг уогæй, æцæгæй ба уотæ 'й, – загъта Владимир Путин. – Махмæ æндæр бæститæй цæрунмæ æма косунмæ ка 'рбафтуйуй, уонæмæ мах æрдигæй алкæддæр фæууй еу домæн: гъæуама аргъ кæнонцæ æма нимайунцæ нæ бæсти æгъдæуттæ, уагæвæрдтитæ, фæткитæ. Уæрæсей дуæрттæ алкæддæр игон адтæнцæ æма 'нцæ, нæ паддзахадон экономики ирæзтæн агъаз дæттунгъон каддæриддæр æй, еци специалисттæн.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..



Дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ нæ бæсти цæргутæй кæцидæр хаййи, Фидибæстæй цæйбæрцæбæл сæрустур айтæ, уæд уонæн сæ 62% куд загътонцæ, уотемæй евгъуд анзи нæ бæстæй зингæ фæссæрустурдæр æнцæ. Уæхæн сæрустурдзийнадæ зингæ фæббæрзонддæр æй Хонсайраг æма Цæгат-Кавказаг федералон зилдти цæргутæмæ, уæдта хестæр фæлтæрти минæвæрттæмæ. Сæрустур ба фиццагидæр æнцæ уæрæсейаг адæмæй, е 'нгомдзийнадæй æма фидибæстæ уарзундзийнадæй, æ тухгиндзийнадæ æма æнæбасæттондзийнадæй, æ анзфинст æма дуйнеуон тонхи гъомусадæй. «Уæрæсей нуриккон историй ахедгæдæр цаутæбæл нерæнгæ дæр ма 'нцæ Донбасс багъæуай кæнун, Лугански æма Донецки адæмон республикити банимайундзийнадæ æма Хъирим Уæрæсемæ æрбайеу кæнун, уæдта Хъиримаг хеди исарæзт (17%), – игъосун кæнунцæ социологтæ.

Сумах ба, нæ газеткæсгутæ, куд гъуди кæнетæ?..



**ХЪАРИАТЫ Фатимæ: «Æз библиотекæйы кусæг дæн æмæ йæ хорз зонын: нæ чиныгкæсджытæ куы æрбацæуынц, уæд нæ абоны ирон фысджытæй уæлдай арæхдæр бацагурынц Малиты Васойы, Дзасохты Музаферы, Хуыгаты Сергейы, Цгъойты Хазбийы, Дауыраты Дамиры чингуытæ.**

**Сылгоймаг фысджытæй та йæ рæстæджы арæхдæр агуырдтой Хостыхъоты Зинæйы поэзи æмæ прозæйæ фыст чингуытæ. Ныр та Будайты Милусяйы сфæлдыстадмæ адардтой сæ хъус тынгдæр. Уый мæнæн æхсызгон у, уымæн æмæ йын æз мæхæдæг стыр аргъ кæнын йæ уацмыстæн. Ирон ныхас, ирон дзырдаивад зынаргъ кæмæн у, уыдонæн ацы фыссæг рагæй зындгонд у. Уый æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ фыссын райдыдта скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Йæ фыццаг радзырдты æмбырдгæндтæ рацыдысты 1998-2007 азты...»**




# ФЫССÆДЖЫ УДЫ СЫГЪДÆГ СУАДОН



**МÆ ХЪУЫДЫТÆ**

**ХЪАРИАТЫ Фатимæ,**

Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг

«Тетейы хабæрттæ», «Тетейы радзырд», «Тетейы фын». Се 'ппæты дæр архайæг уыд гыццыл чызг Тете, кæцы тынг бирæ уарзта йæ райгуырæн хъæу, æхху-ыс кодта хистæртæн йæ бон цас уыд, уый бæрц. Тынг стыр аргъ кодта йæ ныййарджытæн, йæ нана æмæ бабайæн. Ахæмты хъуамæ фæзмой нæ абоны кæстæртæ. Сывæллæттæн ма ныффыста æмдзæвгæтæ дæр: «Сауæдонæ», «Бабайы аргъæуттæ». Хистæр кары адæмæн балæвар кодта зæрдæмæхъаргæ лирикон æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, повесттæ «Урс уарди», «Зæриндаг». Милусяйы сфæлдыстадыл бирæ дзурæн ис, фæлæ мæн сæрмагондæй фæнды зæгъын æрæджы йын мыхуыры цы чиныг рацыд «Уды суадон», зæгъгæ, уый тыххæй. Уый арæзт у дыууæ хайæ, уацаутæ æмæ радзырдтæй. Æдæппæтæй дзы ис авд уацауы æмæ авд радзырды. Фыст у æнцон æмбарæн æвзагæй. Йæ фыццаг æркастæй дæр чиныгкæсæджы йæхимæ æлвасы йæ диссаджы зæрдæмæхъаргæ сæргæндтæй: «Æрæджиауы уарзт», «Сидзæры бонтæ», «Хæсгæ чызг», Асиат», «Хъысмæтæй лидзæн нæй».

Мæнæн мæхицæн мæ зæрдæмæ тынг фæцыд чиныджы зындгонд редактор Дзуццаты Зæлинæ Милусяйы уацмыстæй цы хъуыды кæны, куыд сын аргъ кæны, уый. Куыд зæгъы, афтæмæй фыссæг нæ цы дунемæ бакодта, уыцы дунейы федтам Уарзондзинад!

*«...Райсæм уацау «Венерæ». Хуымætæг сюжет, ирон æнцонæмбарæн ныхас… Кæддæры рæсугъд, фæлæ абон дæр йæ фидыц чи нæма фесæфта, ахæм кардзыд сылгоймаг Венерæ, тезгъо кæнгæйæ, æнæнхъæлæджы сæмбæлд, кæддæр æй бирæ чи уарзта, уыцы нывгæнæгыл. Фыццаг æй зонгæ дæр нæ бакодта, йæ зæрдæйы, йæ хъуыдыйы йын ницы фæд ныууагъта нæлгоймаг, сæ цыбыр ныхас дæр уадиссаг нæ уыди. Диссаг уыди æндæр хъуыддаг. Ацы фембæлд сылгоймагæн йæ зæрдæ, йæ хъуыдытæ сфæйлыдта æмæ йæ цæстыты раз йæ цард сыстади. Уыцы цард уыдис цин дæр, рис дæр, уарзондзинад дæр, нæ дзы уыдис æрмæстдæр йæ кæддæры зонгæ нывгæнæг. Æмæ йын дзы кæд йæ цард бынат нæ уыди, уæддæр кæмдæр, йæ уды кæцыдæр тæгтæй бамбæрста, куыд срухс кодта ацы адæймаджы хъысмæт, æрмæст йемæ иу зæххыл кæй цард, уымæй дæр. Æмæ уый у, фыссæджы æнкъарæг зæрдæ кæй базыдта, уыцы «сусæгдзинæдтæй» иу: уарзондзинады тых æгæрон у, суанг дæхæдæг йæ ахæсты куынæ уай, уæддæр дыл тых кæны, дæ уды цы 'мбæхст ис, уый дын раргом кæны, дæ зæрдæйы сусæг уаты дын рухс ссудзы...»*

Æз мæхæдæг дæр цымыдисæй бакастæн уацау «Сидзæры бонтæ» дæр. Æвдыст дзы цæуы æртæ сылгоймаджы трагикон хъысмæт. Æртæйы царды дæр уыди уарзондзинад, фæлæ дзы иуæн дæр уыцы уарзондзинад амонд не 'рхаста, вæййы афтæ дæр. Сылгоймæгты хистæр Дарицкæ йæ уарзон адæймагимæ цалдæр азы йеддæмæ нæ ацард: Фыдыбæстæйы Стыр хæст сын сæ амонды мæсыг дыууæ дихы акодта. Æрыгон сидзæргæсæй баззад. Фыдтухитæгæнгæ, кæйдæр цæстæнгасмæ кæсгæйæ, æрвыста йæ царды бонтæ. Æмæ, кæд дыккаг хатт мой скодта, уæддæр йæ зæрдæ афтидæй баззад. Афтид зæрдæимæ та цæрæн нæй: нæ дæхæдæг амондджын уыдзынæ, нæ дæ фарсмæ чи ис, уыдоны бахъарм кæндзынæ. Афтæмæй, кæд Дарицкæ адæмы 'хсæн царди, уæддæр æгас нал уыди, йæ зæрдæ йæ уарзонимæ хæсты быдыры баззад, йæ бон нал бацис царды цин банкъарын. Уыцы хъуыддаг йæ чызг Зарæйы хъысмæтыл дæр фæзынд. Æрыгон чызджы фæндыди зарын, худын, цин кæнын… Фæлæ чи кæд батавта йæхи фæскъул аууоны? Уарзта йæ мад, ныхас дæр ыл нæй, фæлæ æнахуыр уарзтæй: фылдæр уарзта йæхи, йæхицæн тæригъæд кодта, йе сæфт амондыл æмæ йæ зæрдæйы маст йæ чызгыл калдта. Афтæмæй Зарæ, йæ тæккæ мад уарзгæйæ, уыди иунæг. Бæстон нæ дзурдзынæн ууыл, фæлæ ахæм ахæстытæ дæр ирон литературæйы фыццаг Милуся равдыста: цот æмæ ныййарджыты проблемæ. Æмæ ныхас иу кæнæ дыууæ адæймагыл нæ цæуы. Ахæм уавæры, ахæм æнкъарæнты уацары бирæ адæм уыди æмæ сты: уæддæр æмæ ныр дæр. Хæсты азарæй фенамонд Зарæ: сидзæрæй, хурмæ бæлгæйæ, рæзыди æмæ ку рачызги, йæ цард куы сарæзта, цот ын куы фæзынди, уæд ыл йæ амонд гадзрахатæй рацыди: йæ мой бауарзта æндæр сылгоймаджы. Фæлæ Зарæ йæ мадæй куырыхондæр, тыхджындæр разынд, нæ бауагъта йæ бинонты цард фехалын, йæ сывæллæтты амонд æм йæхи амондæй бæрзонддæр æвæрд уыд… Йæ цоты фыд куы æррынчын, куы æруатон, уæддæр ыл йæхи нæ атигъ кодта, суанг ма, йæ зæрдæ йын чи фехæлдта, уыцы сылгйомаг дæр ын æцæгæлон не сси. Уымæн æмæ йæ æмбæрста: уарзондзинады ныхмæ цæуæн нæй, уый бирæты бон нæу, уый тыххæй хъуамæ æгæрон тых уа адæймагмæ. Æмæ уыцы тых нæ разынд нæ йæ мой Уырысмæ, нæ йæ мойы уарзон æрыгон рæсугъд Мæдимæ…

Æз ацы чиныг йæ къухмæ чи райса, уыдонæн фæдзæхсын, цæмæй æнæмæнг бакæсой радзырд «Царды уалдзæг», уымæн æмæ уым Милусяйы къухы бафтыд царды арæхдæр дыууæ уды æхсæн уарзт куыд равзæры, уый равдисын. Ацы радзырд кæсын куы райдайай, уæд дзы дæ цæстытæ нал атондзынæ, стæй ма дарддæр та цы уыдзæн, цæуыл фæуыдзæн фыццаг уарзон кадæг, зæгъгæ. Мæнæн мæхимæ афтæ фæкаст, цымæ мыл исты хорздзинад æрцыд æмæ мæхинымæр фыссæгæн арфæтæ кодтон, каст сæ куы фæдæн, уæд. Хъыгагæн, нæ иуæй-иу фысджыты уацмыстæ мæнæн ахæм удыбæстæ не 'рхæссынц. Милуся уарзондзинадыл нæ фыссы. Ирыстоны цин æмæ маст сты йе 'нкъараг зæрдæйы маст æмæ цин: Беслæныхъæуы фыццæгæм скъолайы сывæллæтты хъысмæт, Хуссар Ирыстоны цаутæ, Туркмæ цы ирæттæ алыгъд, уыдоны цард. Иу ныхасæй, ирон адæймаджы зæрдæ цæуылдæриддæр риссы æмæ цин кæны, уымæй дзаг у фыссæджы зæрдæ дæр.

Хуры арт йæ риуы кæмæн фæцæры, ахæм адæймæгтæ вæййынц царды рухс, царды фидыц, уымæн æмæ сæ зæрдæйы хъармæй æмæ рухсæй цардхæссæг æмæ амонддæттæг, рæдау æмæ уарзон вæййынц сæ алыварс цæрæг адæмæн.

Будайты Милуся… Ацы мыггаг æмæ ном фехъусгæйæ цæстыты раз слæууы аив, уæздан, фæлмæндзаст сылгоймаджы фæлгонц. Ахæм у йе сфæлдыстад дæр, йæ уды суадонау сыгъдæг, удыбæстæ хæссæг.

Мæ зæрдæ йын зæгъы фидар æнæниздзинад, сфæлдыстадон уæлахизтæ. Мæн уырны, Ирыстоны чиныгкæсджытæ тынг æхсызгонæй кæй бакæсдзысты ацы чиныг дæр. Æнхъæлмæ йын кæсдзыстæм йæ иннæ чингуытæм дæр.

## УАЦАУ «ВЕНЕРÆ»-ЙÆ

*Венерæ Сæрмæты цы бон федта, уыцы 'хсæв æппындæр нæ бафынæй. Уыцы æнæнхъæлæджы фембæлд ын йе 'нцойдзинад фæсырдта. Æхсæв-бонмæ хъуыды кодта, сынтæджы – рафт-бафт. Сыстади-иу, балкъонмæ-иу рацыд, уым-иу бирæ фæлæууыд, стæй та-иу фæстæмæ бацыд.*

*Венерæ йæ хъысмæтæй хъаст нæ кæны, фæсмойнаг ницæмæй у. Бынтон лæгъз нæ уыд йæ цардвæндаг, алцыдæр дзы уыд: уырдгуытæ æмæ хæрдтæ, къуылдымтæ æмæ лæгъз быдыр; сындзджын къутæртæ æмæ рæсугъд дидинджытæ, цъымара æмæ суадон; сæрсæфæн æмæ уæрæх фæндаг; тар хъæд æмæ райдзаст æрдуз… Йæ фæндаджы фылдæр æмбисыл рацыд сылгоймаг: ис ын рæсугъд бинонтæ...*

## УАЦАУ «СИДЗÆРТЫ БОНТÆ»-Й

*Уырысы амардæй, æвæццæгæн, рацыд иу-ссæдз азы. Дзæбæх цардысты бинонтæ. Йæ лæг ын куыд фæдзæхста, афтæ сылгоймаг нæ бауагъта фæцудын хæдзар. Цæрæг хæдзар уыдысты. Ныр Зарейæн æрмæст фырты фырттæ нæ уыди. Йæ чызджы чызг чындзы æрцыди æмæ йын уыди дыууæ сывæллоны. Зарæ ныр у мадымады мад, уырыссагау – прабабушка.*

* * *

*Бады Зарæ тъахтиныл, хъуыды кæны йæ цардыл. Кæд сидзæры бонтæ бавзæрста, бирæ зынтæ федта, уæддæр йæхи фæстæмæ ракæсгæйæ, амондджын хоны...*

*Сылгоймаг æмбары, кæд йæ царды уалдзæг зæрдæйы фæндон нæ уыди, уæддæр йæ царды фæззæг хорз æмæ бæркадджын у!*

## РАДЗЫРД «АСИАТ»-ÆЙ

*Бады Асиат пецы фарсмæ, хъуыды кæны. Ахæм рæстæджытæ йын арæх нæ вæййы. Йæ цард ииуыылдæр йæ цæстытыл ауад. Хъуыды кæны, йæ царды фæндаг куыд уыд, ууыл. Æнцон нæ уыд, зын фæндагыл фæцыд, фылдæр уыд гуыргъахъ, иуæй-иу хатт-иу сæрсæфæнмæ дæр бахæццæ, фæлæ йын ахæм рæстæджыты Хуыцау æххуыс кодта. Сылгоймаг хъуыды кæны, разы у йæ цардæй æви нæ æмæ йæхицæн зæгъы: «Кæд зын уыди мæ цардвæндаг, уæддæр дзы бирæ рухс, хурбæттæ уыд. Цард, æвæццæгæн, хъуамæ афтæ уа…»*

*Æмткæй райсгæйæ, Асиат разы у йæ цардæй. Æнцон ын никæд уыд, фæлæ алцæмæй дæр дæнцæн у йæ сывæллæттæн: куыстуарзондзинадæй, æфсармæй, æгъдауæй…*

## РАДЗЫРД «ЦАРДЫ УАЛДЗÆГ»-ÆЙ

*Дзамболат æмæ Дзерассæйы æртæ фырты дæр Дзæуджыхъæуы цæрынц, алкæмæн дæр сæ ис йæхи хæдзар, йæхи бинонтæ, ис сын сывæллæттæ.*

*Зæрæдтæм сæ фырттæ æмæ чындзытæ, сæ чызг арæх цæуынц. Сæрды та сæ хъæбулы хъæбултæ æппæт дæр æрцæуынц сæ баба æмæ нанамæ, æртæ мæйы дæр уым вæййынц. Уыцы рæстæг Дзамболат æмæ Дзерассæ тынг амондджын вæййынц.*

*Изæрыгæтты арæх æрымысынц се 'рыгоны бонтæ дыууæ зæронды.*

*– Цæразон, дзæгъæлы нæ фæцардыстæм ацы зæххыл. Мæнмæ гæсгæ, амондджын стæм! Куыд зæгъыс, не 'фсин? – арæх фæзæгъы Дзамболат.*

*– Раст дæ, раст, нæ зæронд! Демæ разы дæн! – фæзæгъы Цæразон дæр.*



***ДЖИМИТИ Геуæрги (1906-1944), финсæг: «Æгъдæуттæ дæр аллихузон лæдæргæ 'нцæ... Лæгъуз си ка 'й, етæ нецæмæн гъæунцæ. Хуарз си ка 'й, уонæбæл ба федар хуæцун гъæуй. Æма уони æвзарун ци лæг нæ зона, е фæррæдуйдзæнæй... Æгъдæуттæ махæн фидтæлтæй байзадæнцæ æма сæ гъæуама æнхæст кæнæн, куд æнцæ, уотемæй...»***


ГАССИТИ Хсари конд хуæз.

# МÆНГÆФСÆРМИ ÆМÆ Æ ЗÆРАН

## НÆ САГЪÆССÆГТÆ



**ХЪЕСАТИ Валоди**
(1932-2015),
æхсæнадон архайæг, публицист, финсæг

Сауæнгæ недзамантæй райдайæ æма берæ æности дæргъи нæ адæммæ уæлдай табуйаг адтæй æфсармæ... Цæйбæрцæбæл арф гъуди, цæйбæрцæбæл устур тухæ ес нæ адæми аци зæрдирай менеуæги!.. Нæ адæмон æфсармæ ци 'й, зæгъгæ, уæхæн фарстайæн æнхæст дзуапп раттунæн, æнæмæнгæ, багъæудзæнæй устур зонадон куститæ ниффинсун, уомæн æма е æй берæвæрсуг æма вазуггин уодварнон гъуди. Хуæрзцубурæй ба ин дзуапп раттæн ес уотæ: æфсармæ 'й еумæйагæй не 'гъдæуттæ, адæмондзийнади цитгийнаг æма домæнтæ ездонæй, федауцæй, зæрдæмæдзæугæй, рæсугъдæй æнхæст кæнун.

Æфсармæ кæмæ ес, е æй æцæг намусгин адæймаг. Уæхæн адæймæгути сорæттæ хъæбæр ахид æвдист цæунцæ Нарти кадæнгити, нæ адæмон исфæлдистади, нæ финсгути уадзимисти. Æфсармæ 'й нæ адæми хуæздæр менеугутæй еу.

Уотæ фæззæгъунцæ: æгъдау æма, дан, æфсармæ адæймагæн æ хæццæ еумæ райгурунцæ; етæ еу фæлтæрæй цæунцæ иннæ фæлтæрмæ, хестæрæй сæ сæ царди развæндагамонæгæн райсунцæ кæстæртæ, етæ 'нцæ нæ адæми уодигъæди æнæфинст федар закъæнттæ. Нæ царди медæги кæд æма кæми нæ гъæунцæ, æвæдзи, уæхæн рæстæг æма уæхæн рауæн нæййес.

Æфсармæ кæмæ ес, уомæ æгъдау дæр ес. Æфсæрмигæнагæ адæймаг фæууй кадгин, адæмæн – уарзон. Уой хæццæ ба адæми 'хсæн хъæбæр æгадæ 'й æнæфсармæ адæймаг. Æ цæсгон æведауцæй ка исуадзуй, уобæл адæм сæхе ратегъæ кæнунцæ, æ хæццæ некебал лимæн кæнуй, алкедæр си æхе еуварс ласуй.

Æгъдау нæ адæми уодиконди сæйрагдæр менеугутæй ке 'й, е бæлвурд æй, нæ рагфидтæлтæй нæмæ ци курухон зæгъдтитæ æма хабæрттæ æрбахъæрттæй, уонæй дæр. Хумæтæги нæ зæгъиуонцæ æма ма нур дæр нæ кувдтити нæ фæззæгъæн: «Не 'фсармæ нин Хуцау макæд байсусун кæнæд!..» Адæм æгъдауи фæрци адтæнцæ кæрæдзебæл æновуд, æнгон баст, кæрæдзей хъаурæй хъаурæгин, кæрæдзей нифсæй – нифсгун. Æфсармæ дууердæмæ 'й: ескæмæй ка 'фсæрми кæнуй, ескæмæн багъæуаги зæрдиагæй ка балæггадæ кæнуй, е æхецæй æфсæрми кæнуй, е æхецæн лæггадæ кæнуй. Æхе ка нæ уарзуй, уæхæн уогæ дæр нæййес. Фал еци хеуарзондзийнадæ дæр æфсарми бундорæй ирæза. Æма дин адæм цæмæй зæрдиагæй лæггадæ кæнонцæ, адæм ди цæмæй æфсæрми кæнонцæ, уой туххæй ба син дæхуæдæг дæр рæстзæрдæй лæггадæ кæнæ, дæхуæдæг дæр си æфсæрми кæнæ.

Нæ адæм цæргæ-цæрæнбонти дæр кади фæдбæл сауæнгæ сæ цард дæр ма раттиуонцæ – е нæ тоги æй, е нин нартæй байзайгæ æгъдау æй: ходуйнаги бæсти мæлæт равзарун, уæхæн зундирахастбæл хуæст лæг æхецæн кадæ кæнуй.

Æ адæми æгъдæуттæн æцæгæй аргъ ка кæнуй, хæзнати хæзна кæмæн æнцæ, е сæмæ деголæ некæци хузи фæккæнуй, еци æведауцæ миуæ æ сæрмæ нæ хæссуй, уони дæр æма æхе дæр нæ æгадæ кæнуй. Фал кæмæндæрти ба еци миуæ иссæй сæ сæйраг куст – еудадзугдæр не 'гъдæутти агорунцæ гъæнтæ æма федиссæгтæ, еудадзугдæр сæ кæнунцæ фаугæ. Алли адæм иннæ адæмтæй хецæн хуз фæддаруй æ бундорон рæсугъд æгъдæуттæй. Уонæн аргъ ка нæ кæнуй, е син гъæуама сæ кой дæр æгириддæр ма кæна, уомæн æма сæ нæ лæдæруй, уæдта сæ балæдæрунмæ дæр нæ тундзуй, нæ имæ гъарунцæ.

Уотæ нæ зæгъун, æма не 'гъдæуттæ еугурæйдæр бустæги æнæлазæ 'нцæ, фæстезаддзийнæдтæ æма нæгъæугæддзийнæдтæ си нæййес. Ес си æма сæ райеуварс кæнунбæл ба рæстуодæй æма рæстзундæй архайун гъæуй. Фал уæддæр не 'гъдæуттæ еумæ райсгæй ба еудадзуг разгелæбазгелæ кæнун нæ гъæуй. Царди домæнтæн си дзуапп кæцитæ нæбал фæддæттунцæ, етæ сæхуæдтæ минкъийгай феронх унцæ, цард сæ райеуварс кæнуй.

Фал нин нæ дзæбæх æгъдæуттæ иннердæмæ ка кæнуй, уони нихмæ дзорун дæр гъæуй æма тох кæнун дæр æргомæй, цæстуарзонæй, адæми идарддæри цардбæл, не 'гъдæутти карнæ æма исонибонбæл гъуди кæнгæй. Махæн нæ адæмæн æфсармæ алкæддæр нæ сæрустурдзийнадæ ке адтæй, уомæ гæсгæ ба гъæуама абони дæр æма исонибони дæр нæ еци сæрустурдзийнадæ нин бæрзонддæр унæй уæлдай ниллæгдæр ба æгириддæр ма кæна.

Кадæмæ бæллун ходуйнаг нæй, кадæ бæрзонддæр æма хуæздæр кæнун растауйнаг, фæнзуйнаг гъуддаг ке 'й, уой ку лæдæрай, уæд. Фал, гъулæггагæн, фулдæр уотæ дæр рауайуй, уæхæн домæнти фæсте сæхе римæхсунцæ хъалтаг, æнæнвæрсон, хестауагæ, нецæййаг, ихæлд зундбæл хуæст адæймæгутæ. Етæ сæ лæгъуздзийнæдтæ, се 'цæг цæсгон фулдæр хатт фæрримæхсунцæ мæнгæфсæрми аууони, цæмæй сæ мæнгард миутæ ма раргом уонцæ, уой туххæй.

Мæ дзубанди дæр æй, æцæг, нæ адæммæ бæрзонд цæстиварди æфсармæ æгадæ æма ходуйнаг ци кæнуй, уой фæдбæл – мæнгæфсæрмибæл. Мах адæми цардиуаги æфсæрмийæн æгириддæр еумæйагæй неци ес мæнгæфсæрми хæццæ, кæд мæнгæфсæрми æхе æцæг æфсæрмий хузи февдесуй, уæддæр. Мæнгæфсæрмийæн уой бæрцæ сосæг, римæхст хузтæ æма менеугутæ ес, æма син кæрон дæр нæййес. Сæ еугуребæл еу уаци æрдзорунæн фадуат нæййес, фал си еуцалдæрей кой ба искæнæн.

Мæнгæфсæрми адæмæн фидбилиз, зианхæссæг æй, æма имæ уæлæнгай цæстæй кæсæн нæййес. Мæнгæфсæрмийæй æ уодæн æцæг знаг ка исуй, етæ берæ 'нцæ. Æ уацари ахиддæр бахаунцæ æнæбон, æгудзæг, æнæсæрфат, фæлмæнвад, æфсæрмдзаст, æууæндагæ адæм. Дæхе сæмæ бахатæ, æма дин алцæбæлдæр исарази уодзæнæнцæ, æнæ сибирттæй исæнхæст кæндзæнæнцæ алке дзурд дæр. Æфсæрмибæл бахуæрдзæнæнцæ хъилма дæр, баниуаздзæнæнцæ еминæ дæр. Е циуавæр æфсæрми æй? Нæ, е æфсæрми нæй, е мæнгæфсæрми æй!.. Е лæгдзийнадæ нæй, е тæрсундзийнадæ 'й...

Дæхебæл ку нæ ауæрдай, дæхе ку нæ гъæуай кæнай, уæд дæбæл ка гъæуама ауæрда, ка дæ гъæуама гъæуай кæна?!. Ци дин нæ бæззуй, уой хуæрун, уой ниуазун æй ескæмæй æфсæрмибæл мæнгæфсæрмæ. Æфсæрмибæл дæхе цæмæн сæйгæ кæнис, цæмæн марис? Ке гъæуй еци æфсæрми? Кæмæн си ци пайда искæндзæнæ? Уæхæн мæнгæфсæрми берети бабун кодта. Маргæ дæ ка кæнуй, уомæй цæмæн гъæуй æфсæрми кæнун? Мæнгæфсæрмийæй дæхе маруни бæсти исистæ еци фингæй æма дæ хæдзарæмæ рандæ уо æнæфидбилизæй.

Мæнгæфсæрми нæ адæммæ рагæйдæр ходуйнаг адтæй, æгади бунати адтæй уæхæн адæймаг. Уой туххæй ибæл æргъуди кодтонцæ, æмбесæндтæ...

*«Кадæр фиййау цæун æ сæрмæ нæ хаста, æ мизд есунæй ба æфсæрми кодта...»*

*«Кадæр фурæфсæрмийæй æ къере къæйæбæл ниууагъта».*

*«Æфсæрми хуарз æй, æгæр æфсæрми – ходуйнаг». «Фурæфсæрми – æнæфсæрми». «Æфсæрмибæл догъи ма цо»...*

Еци фурæфсæрми мæнгæфсæрми æй. Лæг си æхе æгадæ кæнуй, ходуйнаг кæнуй. Дæ бон ци нæй, уой ку кæнай адæми цæстæмæ, уæд е дæр мæнгæфсæрми æй.

Иннæ мæнгæфсæрми ба е æй, æма кæмæдæр гæсгæ, кедæр фæнзгæй тухархайд, дæ бон ци нæй, уой ку кæнай. Кæмæ ес, е æ хъалæй хъæйла цæгъдуй, æ зæронд мæрдтæн дæр догъ уадзуй. Æма, кæмæ нæййес, е дæр æхе уонæбæл ку бара, æфсæрмибæл уони ку фæнза, уæд си ци рауайдзæнæй? Неци!.. Æхе фегадæ кæндзæнæй, адæм ибæл ходдзæнæнцæ. Дæ къох куд амонуй, дæ бон ци 'й, уой ку кæнай æгъдаубæл, уæд зунд кæмæ ес, е дæбæл нæ нихходдзæнæй, нæ дин бауайдзæф кæндзæнæй, зæрдæй дæ балæдæрдзæнæй. Зунд кæмæ нæййес æма рæстдзийнадæ лæдæрунгъон ка нæй, уони гъуди ба нæмæ гъæуама цæмæн уа нимади!..

Хуæнхтæбæл, къæдзæхтæбæл цæун ка нæ зонуй, е æфсæрмибæл айнæги тегъæбæл фæлтæрдгун альпинистти хæццæ бæрзонд, зин исхезæн хонхи сæрмæ исхезунмæ ку гъава, уæд си ци рамолдзæнæй? Нæ бафæраздзæнæй еци фæлтæрдгун альпинистти хæццæ æмхъаурæ æма æмарæхстгин ун, не 'схъæртдзæнæй хонхи сæрмæ. Ка 'й зонуй, ескæцæй ма хаугæ дæр ракæна æма къæдзæхтæбæл ниппурхæ уа.

## ÆРГОМ ЗАГЪД



**Цæликкати Ахмæт (1882-1928), æхсæнадон архайæг, финсæг, публицист:**

– Ирон лæг æцæгæлон адæймаги æ хæдзарæмæ æрбахонуй æма 'й хуарз фæххинцуй. Æнгъæлетæ, стонг адæймаги бафсадуни туххæй? Нæ, æ гъуди бустæги æндæрбæл æй – кæддæр æма кæмидæр си иуазæг раппæлдзæнæй: Тотраз кенæ ба Сослæнбеги хæдзари мæ куд дзæбæх исиуазæг кодтонцæ! Кадæбæлмард фусун...

Тугъди будури иристойнаг лæгæн е 'мбæлттæ размæ ку æмпурсонцæ, уæд æй нæ бафæнддзæнæй кæмидæр фæскъилдуни бæхтæрæгæй байзайун. Цийфæнди ку тæрса, уæддæр тугъди бурдумæ тундзуй:

«Æз иннетæй æгудзæгдæр дæн? Еске ми, «Фæстеггæй æхе баримахста», зæгъгæ, куд гъæуама зæгъа?» Ходуйнаг...

Лæг æ фæстаг стори равгæрдуй хистæн æма гæвзуккæй байзайуй. Мадта! Адæм уотæ ку зæгъонцæ: «Æ мæрдтæ ци бахуæронцæ, е син нæййес!..» Ходуйнаг…

Æнæ тамакуйæй Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд фæццæуй 31 майи. Цума еци мадзал ести фæййагъаз уодзæнæй, тамакудумгутæ сæ еци зæранхæссæг æхцулдзийнадæ цæмæй ниууадзонцæ, уомæй?

***Еу рæсог цæугæдон, дан, æ хузæй исфæлмæстæй æма æхебæл нæбал æнвæрстæй, æндæрхузон исунмæ бæлдтæй. Уалинмæ хонхи фахсæй лæсæн рацудæй æма цæугæдон ку исæзмæнста, уæд æхецæй ниббоз æй... Уотæ уæмæ нæ кæсуй, цума мах дæр не 'гъдæутти рæсогдзийнадæ цæмæйдæрти æгæр лæкъунтæ кæнæн?..***

Еци мæнгæфсæрмийæй дæхе цард, æма ма еске цард дæр тæссаг уавæри ку æвæрай, уæд е фудраконддзийнадæ 'й дæхе нихмæ дæр æма ма еске нихмæ дæр. Æма лæдæргæ адæймаг уæхæн æнæсæр миутæй гъæуама æхе гъæуай кæна.

Мæнгæфсæрмий хузтæй еуетæ ба 'нцæ козбау миутæгæнгути «лæггæдтæ». Цъухæй дæ дессаг берæ уарздзæнæнцæ, цæстæмæ миутæ, цæстæмæ дзубандитæ дин кæнддзæнæнцæ, сæ зæрди ба дин нимайундзийнадæ мисхали бæрцæ дæр бунат нæ уодзæнæй: уæхæнттæ, сауæнгæ сæ мæрдти уодхæссæг кæмæй уинонцæ, уомæн дæр «лæггадæ» кæндзæнæнцæ. Сæ тундзундзийнадæ 'й айдагъдæр уомæ, цæмæй сæхе равдесонцæ, растауонцæ сæхецæй, кенæ сæ еске растауа: ци 'гъдау кæнунцæ, уой айдагъдæр сæхе номæн, айдагъдæр сæхе пайдайæн кæнунцæ. Айдагъдæр æхе уарзуни туххæй, айдагъдæр æхе æстауни туххæй ка архайуй лæггадæ кæнунбæл, уомæн æ цæстфæлдахæн миутæ, раги уа – æрæги уа, уæддæр раргом унцæ, адæм сæ базонунцæ – аци дуйнебæл сосæггагæй неци ес.

Еуетæ ба си сæхецæй туххæй дæр кьере ковæг искæнунцæ, æма æнæнвæрсонæй, æсхъæл дзубандитæ кæнгæй ковунбæл исхуæцунцæ. Е адæми рази дæр, æма Хуцауи рази дæр тæрегъæд миуæ 'й, æбуалгъ миуæ. Хуцау билæскъелæй кувдтитæ, мæнгæ кувдтитæ барстæн нæ есуй, – айдагъдæр кæдзос уоди зæрдæбун кувдтитæ райсуй барстæн.

Æнæбайагурдæй хестæри бунати ка 'рбадуй, финги æгъдау ка исæзмæнтуй, уони синхбæстæ, гъæубæстæ нæ зонунцæ? Зонунцæ, фал сæ сæ еци мæнгæфсæрми æргомæй дзорун нæ уадзуй, гъома, æнæуагæ хестæрæн куд зæгъонцæ, хестæрæн ма исбадæ, зæгъæ. Уобæл нæ гъуди кæнунцæ, æма еци хестæр кæстæрти дæр ихалгæ ке кæнуй, нæ адæми рæсугъд æгъдæуттæй гириз ке кæнуй. Æхуæдæг æгъдау ка ихалуй, еци хестæрæй æфсæрми кæнун нæ гъæуй, е мæнгæфсæрми æй, адæмæн зæранхæссæг гъуддаг. Хуарз æма уæхæн нецæйийаг хестæрти нимæдзæ берæ нæй, æцæг курухон хестæртæ нæмæ фулдæр ес. Ес нæмæ уæхæн хестæртæ дæр, æма сæ карæмæ гæсгæ гъæуама цийни дæр æма зиани дæр финги хестæрæн бадиуонцæ, фал æргом фæззæгъунцæ, ковунмæ дæсни нæ дæн æма мин бахатир кæнетæ. Е дæр æгъдау æй, ездондзийнадæ.

Мæнгæфсæрми ахиддæр разиннуй мæрдæгъдæуттæ æнхæст кæнгæй, кæндити рæстæги. Адæм, сæ кæрæдзей фæнзгæй, карзæй-карздæр кæнунцæ. Æвæдзи, гъуди кæндзинайтæ, Гæдиати Секъа æ уадзимис «Донæскъæфæни размæ хуцаубон»-и куд финсуй, уой: «Хуарз, зундгин адæмтæ архайунцæ, цæмæй сæ зиан тагъддæр феронх уонцæ, æма сæ цард цæмæй дзæбæхдæр кæнонцæ; мах ба нæ зиан иснæуæг кæнæн...» Кæрæдзей æфсæрмийæй саударæн бонтæ мæрдгинти цард бустæги баталингæ кæнунцæ айдагъ анзи дæргъи нæ, фал ма уой фæсте дæр. Уотемæй ба дзæгъæл хæрзтæ фулдæрæй-фулдæр кæнунцæ.

Кæрæдзей фæнзгæй, кæрæдзей æфсæрмæй нæ адæм кæнун райдæдтонцæ мæрдæхсæвæр. Раздæр æй уотæ кодтонцæ: æхсæвæ марди рази ка бадтайдæ, уони исæхсæвæр кæнунмæ кенæ синхæттæмæ бахониуонцæ, кенæ ба син синхæгтæ, хеуæнттæ æрбахæссиуонцæ цæттæ хуæруйнаг... Мæрдгин хæдзари арт нæ кодтонцæ цалдæр бони. Уомæ гæсгæ райгъустæй силгоймæгтæй тасдзийнадæ 'вдесæг гъаргæ: «Мæ арт бауазал æй!..» Ци амонуй аци тарст гъæр? Хæдзарæбæл зиан ку 'рцæуидæ, уæд, цалинмæ мард е 'носон бунатбæл не 'сæмбæлун кæниуонцæ, уæдмæ си арт кæнун нæ 'нгъизтæй. Æма силгоймаг дæр, мæ хæдзарæбæл зиан ма 'рцæуа, зæгъгæ, уомæй тæрсгæй, уайсахат еци тарстзæрдæй исдзоридæ æвеппайди: «Мæ арт бауазал æй..!» Гъома, кæд нæбæл ести фидбилиз, ести зиан æрцудæй. Уотæ ку уидæ, уæд бауазал уидæ арт, хæдзари тохонайæй хъуæцæ нæбал цудæй. Хистæн ци гъудæй, уони дæр мардæвæрæн бони фунхтонцæ гъæунги, синхæгтæмæ. Дууæ æртæ бони мæрдгин хæдзарæ адтæй уазал, æнæ арт.

Нур кæцидæр хæдзарæбæл цалдæр зиани ку 'рцæуа, уæддæр беретæмæ «арт бауазал æй» нимади дæр нæбал фæууй, уайтæккæ мæрдгин хæдзари кьеретæ кæнун фæйиагайунцæ, косарт ракæнунцæ, фингитæ хуæруйнаг-ниуæзтæй райдзаг кæнунцæ, æма, мард, куд фæззæгъунцæ, нæма æруазал уй, уотемæй бал еу хист



Аци хузæ АБИСАЛТИ Юрий, æвæдзи, цийнæдзийнади фæдбæл исаразта. Фал уæмæ уотæ нæ кæсуй, цума нури рæстæгути нæ адæмæй кæцидæр хайии сæри зунд уойийасæбæл никкуддæртæ 'й æма син цийнæдзийнадæй æма зиндзийнадæй уæлдай нæбал ес, мæрдæгъдауи сæхе æгæр «иссæребарæ» кæнунцæ æфсармæй, мæрдгинти хъонц æма зин сæмæ нимади æгириддæр нæбал фæууй…

АБИСАЛТИ Юрийи конд хузæ «Æрдхуæрдти зар».

рарæвдзæ уй, карз арахъæй кувдтитæ ( æндæр сæ куд искондзæнæ, уæхæн уавæри еци финги сæргъи дзæнгæдатæ – Ред.) исахид унцæ. Е циуавæр æгъдау æй?.. Ке гъæуй æма цæмæн гъæуй аци мæрдæхсæвæр?..

Раздæр бадæнтæмæ (нур ба 'й мæрдæхсæвæр дæр хонунцæ) нæлгоймаг некæд цудæй – е хъæбæр ходуйнаг адтæй. Нæлгоймаг æхсæвбадæн ку нæ кæна, уæд æй цæй мæрдæхсæвæр гъæуй? Æ хæдзари нæ бахуæрдзæнæй æхсæвæр? Цæмæн байгъосæн нæ мæнгæфсæрмий фудæй губундзæлтæмæ, цæмæн бауадзæн уони мæрдгинти харзæй сæхецæн бабадт аразун? Æхецæн аргъ ка кæнуй, е уæхæн фингæбæл бадгæ дæр не 'ркæндзæнæй.

Мæрдæхсæвæр искæнуни туххæй æ фæндæ ка фæззæгъуй, етæ æгириддæр мæрдгинтæбæл нæ мæтæ кæнунцæ, нæ син тæрегъæд кæнунцæ, фал, цума хъæбæр æфсæрми кæнунцæ, уотемæй сæхецæй искæнунцæ мæтæгæнагæ, унаффæгæнагæ, æгъдæуттæгæнагæ. Бакæсгæй, цума, мæрдгинæн уонæй æновуддæр хуæрзгæнæг нæййес, сæхе уотæ февдесунцæ. Уонæн ба сæ лæггадæ – мæнгæ лæггадæ, сæ æфсæрми – мæнгæфсæрми, сæ нисан – цæлæ кæнун.

Мæрдæгъдауи хæрзтæ нури хузæн берæ æма хъазар некæд адтæнцæ: мæрдгинтæй беретæн сæ бон балхæнун нæ фæууй косæрттæгтæ, аллихузон хуæруйнаг, ниуæзтæ уойбæрцæ мæрддзогойнæ адæми фагæ. Мадта ма син хистхуартæ уой хæццæ ба ма равгæрдун кæнунцæ косæрттæгтæ мæрдæхсæвæрæн, алли сабатизæри, дууинсæй бонемæн, анзи дæргъи мæрдти алли имисæн бони... Нури тухст царди цубуркъох уавæрти алке бон æй уæхæн устур хæрзтæ кæнун?.. Æма мæрдгин бийнонтæ ихæсти буни фæуунцæ. Уæд цæмæннæ расагъæс кæнæн: уотæ ке уодзæнæй, уой лæдæргæй, уæд, хуæрдæ-ниуæзтæй бафсæдæн кæмæн нæййес, уонæмæ цæмæн фегъосунцæ?..

Ами дæр бабæй мæрдгинтæбæл фæууæлахез æй сæ мæнгæфсæрми. Æма мæрдгинтæй сæ еци уæззау уавæри ка не 'фсæрми кæнуй, уомæ цæмæн гъæуй игъосун? Еци мæнгæфсæрми фидбилиз хæссуй. Алцидæр кæнун гъæуй федауцæй, æгъдауи рæстдзийнадæмæ гæсгæ, хъал миутæ некæми федаунцæ.

Æма еу мæнгæфсæрмий туххæй зиани æгъдæутти. Кæрæдземæй æфсæрми кæнунæй, кæрæдземæн æгъдау дæттунæй хуæздæр ма ци уа? Æцæг уой дæр кæнун гъæуй, æ бон кæмæн куд æй, уотæ. Синхаги фæдбæл цæун гъæуй цийнæмæ дæр æма зианмæ дæр, фал беретæн е сæ бон кæд нæ фæууй, уæддæр зæрдæходунæй тæргæй рандæуй. Фегъустон уæхæн хабар: тухст сæйгæ уогæй еу лæг æ синхаги фæдбæл рандæй æндæр гъæумæ зианмæ зуймон уазал рæстæги, уой фудæй æй æ нез бустæги æрæлваста, æ хуссæнæй нæбал исистадæй æма цалдæр боней фæсте рамардæй. Цæмæн гъудæй еци мæнгæфсæрми еци адæймаги, синхаг æй, нæкæси, уадзгæ дæр ку нæ кодта? Мæнгæфсæрми ибæл фæууæлахез æй æма 'й мæрдтæмæ барвиста.

Хуарз æма берæ гъæути ес кадгин хестæртæ, æргомдзурд, зундгин унаффæгæнагæ, нæ 'нцæ «сæйгæ» мæнгæфсæрмийæй, кæстæрти дæр си гъæуай кæнунцæ; лæвархуартæн æрхуæстæнцæ сæ хорхбæл; нæбал сæ уадзунцæ æнæуагæ, æведауцæ, æнæгъдау миутæ кæнун нæдæр цийни бони, нæдæр зиани бони. Уæхæн арфиаг хестæртæ кæми фæуунцæ, уоми алкæддæр фæууй рæсугъд æгъдау, нæ си фæууй бунат мæнгæфсæрмийæн. Уони фæрци берæ рауæнти нæбал кæнунцæ мæрдæхсæвæртæ æма æндæр дзæгъæли хæрзтæ.

Æцæг æфсæрмигæнагæ адæймаг кадгин æй. Е мæнгæфсæрми, æгадæ, æнæсæрфат миутæ æ сæрмæ некæд æрхæсдзæнæй. Хуæдæфсæрмæ адæймаги хæццæ фембæлун, æ хæццæ радзубанди кæнун уодæн дæттуй æхцæуæндзийнадæ, тавуй æдæймаги хори рохс тунти хузæн.

Нæ национ уодигъæдæбæл цæмæй ругæ ма бада, изгæ ибæл ма цæфса, уой туххæй арæхстгай пайда кæнун гъæуй нæ фидтæлти рæсугъд æгъдæуттæй, гъæуама сæ цæстигагуйау гъæуай кæнæн, иннердæмæ сæ ка кæнуй, уони æнæхъола миутæй. Гъæуайкæнуйнаг æнцæ нæ ездондзийнадæ, не 'фсармæ. Нæ еци æфсарми фарсмæ гъæуама бунат ма уа мæнгæфсæрмийæн.

## УОТÆ ДÆР ФÆУУЙ...



Курттати коми Барзигъæуи еу бийнонтæ сæ фидæн искодтонцæ æрæгвæззæги хист. Адтæй си æвгæрст дууæ æстори, дæс фуси, бæгæни фагæ, арахъ дæр берæ. Æнæгъæнæ комæй æрæмбурд æнцæ хист хуæрунмæ æма сæ бадт изæрмæ рахаста. Уæди рæстæги бадгути фингитæй æскъæфиуонцæ хисти хæйттæ. Еци изæр фийийæуттæй цалдæр лæхъуæни банæхстæр æнцæ хестæрти размæ, æма син сæ фингæй раскъафтонцæ гали сæр æма бæрзæй. Сæ фæдбæл ма бæргæ фæффæдеси 'нцæ, фал сæ нæ баййафтонцæ. Хестæртæ исхъаугъа 'нцæ, дзансахъ иситинг æй. Сæ еугурей хестæр карз æлгъист кодта: «Е ка адтæй, е мæрдти аци марди къæхти буни фæссæйæд!..» Уæд имæ æ фæстети бауадæй æ фурт æма ин æ гъоси бадзурдта: «Ма 'лгъетæ, Игко, бæрзæй мæнæ мæнмæ 'й…» Уæд фидæ загъта: «Аци марди хузæн фæууæд, мадта, кой дæр ма 'й ка искæна, е, мабал хъаугъа кæнетæ, банцайетæ, ниууадзетæ, хæлар син фæууæнтæ… Уæддæр ма си мæнæ нæ фагæ уодзæнæй… Сæ барæ сæхе нæ кæстæртæн…»

**Уæрæсей арæнгъæуайгæнæги Бон алли анз дæр бæрæггонд фæццæуй 28 майи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн Цæгат Иристони зæнхæбæл сæ ахсгиаг ихæс ка æнхæст кæнуй, еци арæнгъæуайгæнгутæн!..**

***Цæгат Иристони хузæгæнгути Цæдеси равдисти зали æрæги арæзт æрцудæнцæ дууæ цæмæдесаг мадзали: байгон си æнцæ нæ зундгонд хузæгæнæг Хасити Павели, уæдта Кæсæг-Балхъари зундгонд хузæгæнгутæ Сиярæ æма Имарæ Аккизовти кустити равдиститæ. Хасий-фурти равдист цæудзæнæй 16 июни уæнгæ, нæ иуазгути равдист ба 20 июни уæнгæ.***



# СÆРÆНÆЙ РАВДИСТОНЦÆ СÆХЕ

Дзæуæгигъæуи спортивон футболон скъола «Æвзонгадæ»-йи стадиони къуæрей дæргъи цудæнцæ Уæрæсей чемпионати фиццаг зилди гъæзтитæ къахæй гъæуагæ спортсменти 'хсæн. Чемпионати гъæзтонцæ Уæрæсей алли рауæнтæй æрцæуæг æхсæз команди: «Динамо» (Барнаул, Алтайи край), «СКИ-Академи» (Волгоград), «Ламан АЗ» (Грозна, Цæцæни Республикæ), «Махачкала» (Республикæ Дагестан), СК «Кузнечики» (Ижевск) æма «Иристон» (Республикæ Цæгат Иристон-Алани).

Командитæ ци фæйнæ фондз гъæзти ракодтонцæ, уоми равдистонцæ агъазиау тундзундзийнадæ уæлахезмæ. Никки ба ма деси бафтудта спортуарзгути еукъахуг футболистти цурд архайд. Уæлдай æнтæстгиндæрæй сæхе равдистонцæ Барнаул, Грозна æма Иристони командитæ.

Барнаули командæ «Динамо» ци фондз гъæзти ракодта, уонæми цуппар хатти уæлахез фæцæй, еу хатт ба хæрæгсаст. Алтайаг командæн сæттун нæ бакумдта айдагъдæр «Иристон». Сæ фембæлд рахецæн æй 2:2 хигъдæй.

«Иристон» æ фондз фембæлдемæй æртеми фæцæй уæлахез, фæйнæ еу хатти ба фæцæнцæ хæрæгсаст æма хуæрд.

Иристойнæгтæ сæ фиццаг фембæлди 7:0-æй фæуууæлахез æнцæ «Махачкала»-бæл. Нæ команди голтæ бакъуæрдтонцæ: **Сихъоти Владимир**, **Медойти Марат**, **Гæмаонти Игорь**, **Туати Инал** æма **Хъулумбегти Дмитрий**. Аци фембæлди дууæ голи бакъуæрун бантæстæй **Алиати Тимурæн**.

«Иристон»-и дуккаг нихмæлæуууæг адтæй Волгоградi командæ «СКИ-Академи».

Гъазт рахецæн æй 2:0 хигъдæй «Иристон»-и пайдайæн. Голтæ бакъуæрдтонцæ Туати Инал æма Хъулумбегти Дмитрий.

Æртиккаг фембæлди «Иристон» фæуууæлахез æй Ижевски командæ «Кузнечик»-бæл. Удмуртаг команди дуари Медойти Марат æма Хъулумбегти Дмитрий бакъуæрдтонцæ фæйнæ еу голи, Туати Инал ба дууæ, æма гъазт рахецæн æй 4:1 хъигъдæй «Иристон»-и пайдайæн.

Нæ командæн уæлдай зиндæр рауадæнцæ фæстаг дууæ гъæзти. Сæ цуппæрæймаг нихмæлæуууæг Барнаули «Динамо» æй хъæбæр хуарз цæттæ командæ, æма уони хæццæ нæ футболистти багъудæй сæ еугур хъауритæй дæр федар фæллæуун. Гъазт рауадæй æмдух æма рахецæн æй 2:2 хигъдæй.

Фæстаг бон «Иристон» фембалдæй Грознай командæ «Ламан АЗ»-и хæццæ. Аци фембæлди грознайæгтæн бантæстæй 5:1-æй фæуууæлахез ун æма утемæй 2-аг бунатмæ рацæун. «Иристон» фиццаг зилди фæсте ахæссуй 3-аг бунат. Нæ командæн бантæстæй 10 очкой æрæмбурд кæнун. 1-аг бунати цæуæг Барнаули «Динамо»-мæ ес 13 очкой, 2-аг бунат ахæссæг Грознай «Ламан АЗ»-мæ ба 12 очкой.

Еристæ æхгæнгæй, футболисттæ æма сæ бацæттæгæнæг тренертæ, тæрхонгæнгутæ æма еристæн æмбæлгæ уавæртæ исаразгутæн зæрдиаг арфитæ ракодта Цæгат Иристони Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** æма Дзæуæгигъæуи бунæттон администраций сæргълæуууæг **Милдзихти Вячеслав**.

Æ радзубандий Сергей Меняйло баханхæ кодта: «Сумах уæ еугур дæр айтæ уæлахездзаутæ, уомæн æма зиндзийнæдти рази уæ сæртæ не 'руагътайтæ, фал бæллетæ лæгдзийнадæ равдесунмæ, æхсæнадæн пайдайаг унмæ. Мах устур аргъ кæнæн сумах æма уе 'ннæ æмбæлттæн, е 'нæнездзийнадæ гъигæдард кæмæн баййафта, фал, æ нифс кæмæн нæ расастæй, еци спортсментæн.

Мах унаффæ рахастан, сумах хузæн спорти хæццæ лимæн ка 'й, еци е 'нæнездзийнадæ гъигæдард баййафæг спортсментæн Дзæуæгигъæуи сæрмагонд берæвæрсуг спортивон комплекс исаразун. Уоми фадуат уодзæнæй спорти хузтæй уæхе цæттæ кæнунæн».

Милдзихти Вячеслав арфи дзурдтæ ракодта футболисттæн æма Дзæуæгигъæуи бунæттон администраций Кубок исаккаг кодта 1-аг бунат байахæссæг Барнаули «Динамо»-йæн.

Уомæй уæлдай, сæрмагонд лæварæй исхуарзæнхгин кодта еристи тæккæ æригондæр гъазæг **Чиуити Тамерлани**. Зæгъун гъæуй, æма аци 14-анздзуд биццеу, тренер **Алексис Лазаридийи** разамундæй ма, футболæй гъазунæй уæлдай æрæги шпагæй хуæцгæй, 3-аг бунат байахæста парафехтованийæй Уæрæсей чемпионати.

Нæ бæсти, е 'нæнездзийнадæ гъигæдард кæмæн æй, еци спортивон змæлди разамонгути фæндæй Уæрæсей чемпионати 2-аг зилди еристæ дæр августи райдайæни цæудзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи.

***БАСКАТИ Урузмæг***



**????**



## ГÆРЗЕФТОНГ ТУХТÆМÆ УАЛДЗИГОН ФÆДЗДЗУРД

Дзæуæгигъæуи æфсæддон комиссар Бегизати Роберт куд фегъосун кодта, утемæй уалдзигон фæдздзурд Уæрæсей æфсади рæнгъитæмæ райдæдта 1 апърелæй æма цæудзæнæй 15 июли уæнгæ.

Бегизи-фурти загъдмæ гæсгæ æфсади службæ кæнуни æмгъуд фæстæдæрмæ æргъæвд æрцæуй айдагъдæр еунæг хатт. Еци æмгъудæй пайда кæнун сæ бон æй, уæлдæр кенæ астæуккаг ахургæнæндæнтти ка ахур кæнуй, е 'нæнездзийнадæмæ гæсгæ æфсади службæ кæнун æ бон кæмæн нæй æма Уæрæсей хецауади унаффæмæ гæсгæ еци æмгъудтæмæ хауæг æндæр æригон нæлгоймæгтæн.

Æфсæддон комиссарадæй ДОСААФ-мæ шофербæл ахур кæнунмæ æрвист ка æрцæуа, етæ лæвар райсдзæнæнцæ еци дæсниадæ æма службæ кæндзæнæнцæ Хонсайраг федералон зилди. Æфсади рæнгъитæмæ фæдздзурди карæмæ ци фæсевæд хаунцæ, уонæй сæйгæ ка 'й, кенæ æ цæрæн бунат ка раййивта, кенæ æ профессионалон ахур аспирантури ка раидарддæр кодта, уони æнæмæнгæ æрбацæуун гъæуй æфсæддон комиссарадмæ æма уоми исбæлвурд кæнун гъæуй сæ идарддæри уавæр æфсæддон службæмæ фæдздзурди фæдбæл. Уотæ си ка нæ бакæна, етæ нимад æрцæудзæнæнцæ хе æфсæддон службæй тиллефгæнгутæбæл æма æййафдзæнæнцæ æфхуæрд закъонмæ гæсгæ.

Дзæуæгигъæуи æфсæддон комиссар федарæй зæрдæ байвардта, æмгъудмæ службæмæ ци фæсевæдмæ фæдздзоронцæ, етæ нæ архайдзæнæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций, фал сæ службi рæстæг ахур кæндзæнæнцæ тугъдон дæсниадæбæл, службæ ба кæндзæнæнцæ ци æфсæддон хаймæ сæмæ фæдздзурдтонцæ, уоми: Идард Искæсæни, Уæрæсей астæуккаг регионти æма Хонсайраг федералон зилди.

Æфсæддон комиссар ма фегъосун кодта, зæгъгæ, æфсадмæ фæдздзоруни карæ седуни æмгъудтæ 18 анземæй 27 анзей уæнгæ æййивд æрцæудзæнæй æма уодзæнæй 21 анземæй 30 анзей уæнгæ. Нæуæг фæткæ æ хъаури бацæудзæнæй 2024 анзи январæй фæстæмæ. Уæд фæдздзурди кари райдайæн искæндзæнæнцæ 19 анземæй, анзи фæсте 20 анземæй æма уомæй фæстæмæ ба уодзæнæй 21 анземæй.

**Дигорæ**

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **950**. Заказ **№ 1116.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 26.05.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 26.05.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**